



HealthTalk

Chemen ou nan direksyon yon pi bon sante



Èske w konnen ki medikaman ki garanti nan plan sante w la?

Gade nan paj 2 pou jwenn detay sou avantaj medikaman sou preskripsyon w yo.



Avantaj plan

Pran swen ou

Nou vle garanti ou jwenn swen w bezwen yo, lè w bezwen yo.

Si w bezwen èd pou w ale nan kabinè founisè swen w lan, plan nou yo ofri avantaj transpò pou mennen w nan randevou yo.

Si w bezwen wè yon founisè swen touswit, nou ofri swen apre lè biwo nan sant swen ijan yo. Anpil plan ofri NurseLine tou ou kapab rele nenpòt lè, 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt. Yo ofri vizit vityèl yo nan pifò Eta. Nou vle fè w konnen sèvis sa yo disponib pou ou antanke manm plan an.

Pou jwenn founisè swen yo, aprann sou avantaj transpò yo, oswa chèche anplasan sant swen ijan yo, vizite **myuhc.com** oswa itilize **aplikasyon Health4Me** an. Oswa rele nou san frè nan **1-888-716-8787**, TTY **711**.



Pi bon swen

Nou bay founisè swen nou yo zouti pou yo ka pran swen manm nou yo pi byen. Zouti sa yo rele machaswiv pratik klinik. Yo enfòme founisè swen yo sou fason pou jere maladi epi favorize byennèt. Machaswiv yo garanti swen pou divès kalite maladi ak pwoblèm medikal tankou dyabèt, tansyon wo ak depresyon. Epitou, yo bay enfòmasyon sou fason pou w rete byen atravè yon rejim apwopriye, egzèsis e vaksen ki rekòmande yo.

Aprann plis. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite uhcprovider.com/cpg.




Konnen avantaj medikaman w yo

Vizite sit entènèt nou an pou w aprann plis sou avantaj medikaman sou preskripsyon w yo. Li gen ladann enfòmasyon sou:

- 1. Ki medikaman ki garanti.** Gen yon lis medikaman ki garanti yo. Ou gendwa oblije itilize yon medikaman jenerik alapas yon medikaman mak komèsyal.
- 2. Kibò pou ou egzekite preskripsyon ou yo.** Ou ka jwenn yon famasi toupre w ki aksepte plan w lan. Ou gendwa anmezi tou pou w jwenn sèten medikaman nan lapòs.
- 3. Gen règ ki gendwa aplike.** Kèk medikaman gendwa garanti nan sèten ka sèlman. Pa egzanp, ou ta gendwa gen pou w eseye yon lòt medikaman anpremye. (Yo rele sa terapi pa etap.) Oswa ou ta gendwa bezwen apwobasyon nan men UnitedHealthcare pou w itilize yon medikaman. (Sa rele otorizasyon davans.) Gendwa genyen tou limit sou kantite ou ka jwenn nan sèten medikaman.
- 4. Nenpòt depans pou ou.** Ou pa gen kopeman pou preskripsyon yo.

Chèche li. Jwenn enfòmasyon sou avantaj medikaman w yo nan myuhc.com/CommunityPlan. Oswa, rele Sèvis pou Manm yo san frè nan **1-888-716-8787**, TTY **711**.





Avantaj plan

Nou sousye

UnitedHealthcare Community Plan ofri pwogram ak sèvis pou ede w rete byen. Nou gen sèvis tou pou ede pi byen jere maladi ak lòt bezwen swen yo. Sa yo fè pati pwogram Sante Popilasyon nou an. Yo kapab gen ladan yo:

- Edikasyon ak rapèl sou sante
- Sipò ak edikasyon pou matènite
- Sipò pou twoub konsomasyon sibstans
- Pwogram pou ede w pou bezwen sante konplike yo (manadjè swen yo kolabore avèk doktè w e lòt ajans deyò yo)

Pwogram sa yo volontè. Yo ofri yo san w pa peye anyen. Ou ka chwazi sispann nenpòt pwogram nenpòt ki lè.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan **myuhc.com**. Lè w rive la, ou ka aprann plis sou avantaj, pwogram, ak sèvis yo ofri w. Si w vle fè yon referans nan pwogram jesyon ka nou an, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-888-716-8787, TTY 711**.



Jwenn swen

Pran kontwòl

Prepare w pou w al wè founisè swen w.

Preparasyon pou vizit kay founisè swen w ka ede w pwofite piplis de vizit la. Asire w founisè swen w lan konnen tout swen w te resevwa yo kapab fè l tou. Men kijan ou ka pran kontwòl swen sante w:

1. Reflechisou sa w vle jwenn nan vizit la anvan w ale. Eseye konsantre sou twa bagay prensipal ou bezwen èd pou yo.
2. Pale founisè swen w de nenpòt medikaman oswa vitamin ou pran regilyèman. Pote yon lis alekri. Oswa vini avèk medikaman an limenm.
3. Enfòme founisè swen w lan pou lòt founisè swen ou gendwa ap wè. Mete founisè swen sante konpòtmantal yo tou. Mansyone nenpòt medikaman oswa tretman yo te preskri w. Pote tou kopi rezilta nenpòt tès ou te fè.
4. Si w te nan lopital la oswa nan sèvis ijans (Emergency Room, ER), al wè founisè swen w dèke sa posib apre egzeyat ou. Pataje machaswiv egzeyat ou yo avèk li. Yon bon swivi gendwa anpeche yon lòt admisyon oswa vizit nan ER.



Jesyon itilizasyon

Bon swen yo

UnitedHealthcare Community Plan fè jesyon itilizasyon (Utilization Management, UM). Tout plan sante swen jere yo fè l. Se konsa nou asire manm nou yo jwenn bon swen yo nan bon moman ak nan bon kote a.

Yon doktè egzamine demann yo lè swen yo gendwa pa koresponn ak machaswiv yo. Li deside si swen ak sèvis yo kòrèk. Sèvis yo dwe yon sèvis ki garanti nan avantaj ou yo. Nou pa rekonpanse doktè yo oswa pèsonèl la poutèt yo refize sèvis. Nou pa peye pèsonn pou yo bay mwens swen. Manm yo ak doktè yo gen dwa pou konteste refi yo. Yon avi refi pral endike w kijan pou w depoze yon kontestasyon.



Kesyon? Ou kapab pale avèk pèsonèl nou an. Yo disponib 8 èdtan chak jou pandan lè nòmal fonksyonman yo. Si w bezwen kite yon mesaj, yon moun ap tounen rele w. Gen sèvis TDD/TTY ak èd pou lang disponib si w bezwen yo. Annik rele nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, san frè.


By the book

Have you read your Member Handbook? It is a great source of information. It tells you how to use your plan. It explains:

- Your member rights and responsibilities.
- The benefits and services you have.
- The benefits and services you don't have (exclusions).
- What costs you may have for health care.
- How to find out about network providers.
- How your prescription drug benefits work.
- What to do if you need care when you are out of town.
- When and how you can get care from an out-of-network provider.
- Where, when and how to get primary, after-hours, behavioral health, specialty, hospital and emergency care.
- Our privacy policy.
- What to do if you get a bill.
- How to voice a complaint or appeal a coverage decision.
- How to ask for an interpreter or get other help with language or translation.
- How the plan decides if new treatments or technologies are covered.
- How to report fraud and abuse.



Get it all. You can read the Member Handbook online at myuhc.com. Or call Member Services toll-free at **1-888-716-8787**, TTY **711**, to request a copy of the handbook.



Communication needs


We provide free services to help you communicate with us. We can send you information in languages other than English or in large print. You can ask for an interpreter. To ask for help, please call Member Services at the phone number on page 9.

Ofrecemos servicios gratuitos para ayudarle a comunicarse con nosotros. Podemos enviarle información en otro idioma que no sea inglés o en letra grande. También puede solicitar un intérprete. Para pedir ayuda, llame a Servicios para Miembros al número de teléfono que aparece en la página 9.

Nous proposons des services gratuits pour vous aider à communiquer avec nous, Nous pouvons vous adresser des informations dans des langues autres que l'anglais ou en gros caractères. Vous pouvez également demander l'assistance d'un interprète. Pour demander de l'aide, veuillez appeler le service aux membres au numéro de téléphone figurant en page 9.

Chúng tôi cung cấp các dịch vụ miễn phí để giúp quý vị giao tiếp với chúng tôi. Chúng tôi có thể gửi cho quý vị thông tin bằng các ngôn ngữ khác tiếng Anh hoặc dưới bản in cỡ lớn. Quý vị có thể yêu cầu một thông dịch viên. Để xin hỗ trợ, hãy gọi Dịch vụ Hội viên theo số trang 9.





Avantaj plan

Meyè kalite

UnitedHealthcare Community Plan gen yon pwogram Amelyorasyon Kalite. Li fonksyone pou bay manm yo pi bon swen sante ak sèvis. Chak ane nou fikse objektif epi nou mezire pwogrè nou.

Kèk nan objektif nou yo konsantre sou amelyorasyon kantite sèvis manm ki ansent ak timoun resevwa. Sa yo gen ladan vizit apre akouchman, bilan byennèt, epi vaksinasyon. Lòt objektif yo konsantre sou asire moun ki gen sèten maladi, tèlke dyabèt, resevwa tè s yo bezwen. Pafwa yon manm bezwen ale lopital oswa nan sèvis ijans pou yon pwoblèm sante mantal. Lè sa rive, objektif nou se pou l wè yon pwofesyonèl sante mantal apre li retounen lakay li.

Nou fè sondaj tou bò kote manm nou yo chak ane. Nou vle wè kisa yo panse de pèfòmans plan sante nou an. Nou itilize kòmantè sa a pou amelyore sèvis nou ofri yo, sa gen ladan l rezo founisè nou yo ak sèvis kliyan nou an. Ane sa a n ap travay sou amelyorasyon eksperyans dijital manm yo.



Ou vle plis enfòmasyon sou pwogram Amelyorasyon Kalite nou an ak sou rezilta yo?

Rele Sèvis pou Manm yo san frè nan **1-888-716-8787**, TTY **711**.



Kijan nou itilize e pwoteje done sou lang ak done kiltirèl pèsònèl ou

Nou resevwa enfòmasyon sou ou. Sa ka gen ladan ras ou, gwoup etnik ou, lang ou pale, oryantasyon seksyèl ou, bezwen sosyal ou yo, e andikap ou. Done sa yo ak lòt enfòmasyon pèsònèl sou ou se enfòmasyon sou sante ki pwoteje (Protected Health Information, PHI). Nou gendwa kominike enfòmasyon sa yo bay founisè swen sante w yo nan kad tretman, peman, ak operasyon pou reponn ak bezwen swen sante w yo. Egzanp sou fason nou gendwa itilize l pou amelyore sèvis nou bay yo gen ladan yo:

- Jwenn twou vid nan swen w yo.
- Ede w nan lòt lang.
- Kreye pwogram ki reponn ak bezwen w yo.
- Di founisè swen sante w yo ki lang ou pale.

Nou pa itilize done sa yo pou refize kouvèti oswa pou limite avantaj yo. Nou pwoteje enfòmasyon sa yo menm jan nou pwoteje tout lòt PHI yo. Aksè limite sèlman ak anplwaye ki dwe itilize li. Batiman ak òdinatè nou yo ansekirite. Modpas òdinatè ak lòt pwoteksyon sistèm yo kenbe done w yo ansekirite.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason nou pwoteje enfòmasyon ki konsène w yo: uhc.com/privacy ak uhc.com/content/dam/uhcdotcom/en/npp/NPP-UHC-CS-Medical-EN.pdf.

Vi prive w

Nou pran vi prive w oserye. Nou trè pridant avèk enfòmasyon medikal pwoteje (PHI) fanmi w. Epitou nou pwoteje enfòmasyon finansye w (Financial Information, FI). Nou itilize PHI ak FI pou dirije biznis nou an. Sa ede nou ba w pwodui, sèvis ak enfòmasyon.

Nou pwoteje PHI ak FI aloral, alekri ak elektwonik nan tout aktivite nou yo. Nou gen règ ak teknoloji ki kenbe PHI ak FI yo ansekirite. Nou pa vle PHI oswa FI yo pèdi oswa detwi. Nou vle asire pèsòn nan pa fè move itilizasyon ak yo. Nou verifye pou asire nou itilize PHI ak FI yo avèk prekosyon.

Nou gen politik ki esplike:

- Kijan nou gendwa itilize PHI ak FI yo
- Kilè nou gendwa kominike PHI ak FI yo bay lòt moun
- Ki dwa ou genyen sou PHI ak FI fanmi w

Ou gendwa li politik konfidansyalite nou an nan Manyèl pou Manm ou. Li sou entènèt nan myuhc.com/CommunityPlan. Ou ka rele Sèvis pou Manm yo tou san frè nan **1-888-716-8787**, TTY **711** pou mande nou poste yon kopi pou ou. Si nou fè chanjman nan politik la, n ap poste yon avi voye ba w.

Manyèl pou manm yo

Detay abònman, avantaj ak plan

Mizajou manyèl pou manm ou a fèt chak ane. Jwenn li sou myuhc.com/communityplan. Li gen nan li Avi sou Pratik Konfidansyalite nou an ak Avi sou Non-Diskriminasyon nou an. Ou ka jwenn yo sou entènèt tou nan uhc.com/privacy ak uhc.com/legal.



Ou vle yon kopi enprime?

Rele Sèvis pou Manm yo san frè nan **1-888-716-8787**, TTY **711** pou mande yo poste manyèl pou manm lan pou ou.

Resous pou manm yo

Nou la pou ede w

Jwenn aksè nan plan

w lan 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt

Jwenn enfòmasyon ak sipò ou bezwen, nan moman ak kote ou bezwen yo.

Aplikasyon UnitedHealthcare:

Telechaje nan App Store® oswa Google Play™

Sitwèb nou an pou manm yo:

myuhc.com/communityplan

Sèvis pou Manm yo:

San frè **1-888-716-8787**, TTY **711**

Jwenn yon founisè swen, poze kesyon sou avantaj oswa jwenn èd pou pran yon randevou, nan nenpòt lang.

NurseLine: **1-877-552-8105**, TTY **711**

Jwenn konsèy sante nan men yon enfimye 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt, san w pa peye anyen (san frè).

UHC Doctor Chat: Konekte w ak yon doktè

nan kèk segonn grasa aplikasyon UHC Doctor Chat la. Doktè yo disponib 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt, epi yo ka reponn kesyon, kit se gwo oswa piti. Telechaje

Aplikasyon UHC Doctor Chat la oswa aprann plis nan UHCDoctorChat.com.



Quit For Life:

1-866-784-8454 | quitnow.net

Jwenn èd pou kite fimen san w pa peye anyen (san frè).

Transpò:

1-888-777-6528, TTY **711**

Ou ka anmezi pou jwenn kous ale retou nan vizit medikal ou yo ak vizit nan famasi yo. Pou planifye yon kous, rele MTM health.

Jesyon Swen:

1-888-716-8787, TTY **711**

8 a.m.–5 p.m., Lendi–Vandredi

Manm ki gen maladi kwonik ak bezwen konplèks ka resevwa koutfil, vizit nan kay, edikasyon lasante, referans nan resous kominotè, rapèl pou randevou, èd pou kous yo ak plis ankò (san frè).



Resous pou manm yo

Live and Work Well: liveandworkwell.com

Jwenn atik, zouti pou swen pèsònèl, founisè swen, ak resous pou sante mantal ak abi sibstans.

Assurance Wireless:

assurancewireless.com/buhc

Benefisye 4.5GB done wot vitès, 3000 minit pou pale epi tèks san limit chak mwa. Anplis, gen opsyon pou achte yon telefòn pou \$20.

Healthy First Steps®:

1-800-599-5985, TTY 711

uhhealthyfirststeps.com

Jwenn sipò pandan tout gwosès ou.

Swen Pèsònèl ak AbleTo: ableto.com/begin

Soulaje estrès epi amelyore atitud w avèk aplikasyon Swen Pèsònèl sa a ki ba w zouti pou sante emosyonèl. Dekouvri meditasyon, egzèsis respirasyon, videyo, ak plis ankò.

Ou pral jwenn kontni adapte pou ou pèsònèlman epi pa gen okenn frè pou sa.

Ale nan Dijital:

myuhc.com/communityplan/preference

Enskri pou resevwa imèl, mesaj tèks ak fichye dijital pou resevwa enfòmasyon sou sante w pi rapid.

Resous Kominotè:

uhc.care/HTCommResources

UnitedHealthcare Community Resources gen pwogram ki ka bay èd pou nouriti, lojman, peye sèvis piblik yo, ak plis ankò, nan pri redui oswa gratis pou ou. Fè rechèch pou w jwenn èd nan zòn ou an.

Expressable: expressable.com/united

Asosye w avèk yon terapè lapawòl lisansye pou sesyon vityèl 1-a-1 byen alèz lakay ou – avèk aktivite pratik chak semèn, edikasyon, e sipò pou atenn objektif ou yo pi rapid.

Notice of nondiscrimination

Our Companies comply with applicable civil rights laws and do not discriminate on the basis of race, color, national origin, age, disability, or sex (including pregnancy, sexual orientation, and gender identity). We do not exclude people or treat them less favorably because of race, color, national origin, age, disability, or sex.

We provide free aids and services to help you communicate with us. You can ask for interpreters and/or for communications in other languages or formats such as large print. We also provide reasonable modifications for persons with disabilities.

If you need these services, call **1-888-716-8787**, TTY **711**, 8 a.m.–7 p.m., Monday–Friday.

If you believe that we failed to provide these services or discriminated in another way on the basis of race, color, national origin, age, disability, or sex, you can send a complaint to the Civil Rights Coordinator:

Civil Rights Coordinator
UnitedHealthcare Civil Rights Grievance
P.O. Box 30608
Salt Lake City, UT 84130
UHC_Civil_Rights@uhc.com

Optum Civil Rights Coordinator
1 Optum Circle
Eden Prairie, MN 55344
Optum_Civil_Rights@Optum.com

If you need help filing a complaint, call **1-888-716-8787**, TTY **711**, 8 a.m.–7 p.m., Monday–Friday.

You can also file a civil rights complaint with the U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights:

Online: **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**

Phone: **1-800-368-1019, 800-537-7697** (TDD)

Mail: U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

Complaint forms are available at: **<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>**.

This notice is available at: **<https://www.uhc.com/nondiscrimination-med>**
<https://www.optum.com/en/language-assistance-nondiscrimination.html>

Notice of availability of language assistance services and alternate formats

ATTENTION: Free language assistance services and free communications in other formats, such as large print, are available to you. Call the toll-free number on your member identification card. Call member services at 1-888-716-8787, TTY 711, 8 a.m.–7 p.m., Monday–Friday.

ATENSYON: Kung nagsasalita ka ng **Tagalog**, (**Tagalog**), may makukuha kang mga serbisyong libreng tulong sa wika at mga libreng komunikasyon sa mga ibang anyo, tulad ng malaking print. Tawagan ang mga serbisyo sa miyembro sa 1-888-716-8787, TTY 711, 8 a.m. – 7 p.m., Lunes – Biyernes.

ATENCIÓN: Si habla **español** (**Spanish**), tiene acceso a servicios gratuitos de asistencia lingüística y a materiales gratuitos en otros formatos, como letra grande. Llame a Servicios para Miembros al 1-888-716-8787, TTY 711, de lunes a viernes, de 8 a.m. a 7 p.m.

ВНИМАНИЕ: Если Вы говорите по-**русски**, (**Russian**), Вы можете бесплатно воспользоваться помощью переводчика и информационными материалами в альтернативных форматах, например, крупным шрифтом. Звоните в отдел обслуживания участников по телефону 1-888-716-8787, TTY 711, с 8 а.м. до 7 р.м., с понедельника по пятницу.

ATANSYON: Si ou pale **Kreyòl Ayisyen**, (**Haitian Creole**), gen sèvis asistans lengwistik gratis ak kominikasyon gratis ki nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, ki disponib pou ou. Rele Sèvis Manm yo nan 1-888-716-8787, TTY 711, 8 a.m.– 7 p.m., Lendi jiska Vandredi.

تنبيه: إذا كنت تتحدث اللغة العربية، الترجمة (**Arabic**) للغة، فتوجد هناك خدمات مساعدة لغوية مجانًا ورسائل مجانية بتنسيقات أخرى، مثل الطباعة بحروف كبيرة. ما عليك سوى الاتصال بقسم خدمات الأعضاء على الرقم 1-888-716-8787، أو عبر الهاتف النصي 711، من الساعة 8 صباحًا إلى الساعة 7 مساءً، من يوم الإثنين إلى الجمعة.

CHÚ Ý: Nếu quý vị nói tiếng **Việt**, (**Vietnamese**), quý vị sẽ nhận được các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí và nhận các tài liệu truyền thông miễn phí ở các định dạng khác như chữ in lớn. Gọi cho bộ phận dịch vụ hội viên theo số 1-888-716-8787, TTY 711, từ 8 giờ sáng đến 7 giờ tối, Thứ Hai đến Thứ Sáu.

ATTENZIONE: se parla **italiano**, (**Italian**), sono disponibili servizi gratuiti di assistenza linguistica e comunicazioni gratuite in altri formati, come la stampa a caratteri grandi. Chiama il servizio soci al numero 1-888-716-8787, TTY 711, dalle 8.00 alle 19.00, dal lunedì al venerdì.

ATENÇÃO: se você fala **português do Brasil, (Brazilian Portuguese)**, serviços gratuitos de assistência linguística e comunicações gratuitas em outros formatos, como letras grandes, estão disponíveis para você. Ligue para o serviço do associado no número 1-888-716-8787, TTY 711, das 8 a.m. às 7 p.m., de segunda à sexta-feira.

HINWEIS: Wenn Sie **Deutsch** sprechen, (**German**) stehen Ihnen kostenlose Sprachdienste und kostenlose Mitteilungen in anderen Formaten, beispielsweise in Großdruck, zur Verfügung. Rufen Sie den Mitglieder-Service an, unter 1-888-716-8787, TTY 711, verfügbar von Montag bis Freitag zwischen 8:00 Uhr und 19:00 Uhr.

注意：如果您說中文，(**Chinese**)，您可獲得免費語言協助服務和其他格式（例如大字版）的免費通訊。請致電1-888-716-8787 與會員服務部聯絡，聽障專線 (TTY) 711，服務時間週一至週五上午 8 時至晚上 7 時。

참고: 귀하가 **한국어 (Korean)**을 구사하시는 경우, 무료 언어 지원 서비스와 다른 형식의 무료 커뮤니케이션(예, 큰 활자체로 된 정보)을 이용하실 수 있습니다. 가입자 서비스부 (1-888-716-8787, TTY 711, 월요일 - 금요일, 오전 8 시 - 오후 7 시 사이)에 전화하십시오.

ATTENTION : Si vous parlez **français (French)**, des services d'assistance linguistique gratuits et des communications gratuites dans d'autres formats, tels que du texte en gros caractères, sont à votre disposition. Veuillez appeler le département des services aux membres au 1-888-716-8787, TTY 711, de 8 h à 19 h, du lundi au vendredi.

UWAGA: Jeśli mówi Pan/Pani w języku **polskim, (Polish)**, dostępne są bezpłatne usługi pomocy językowej i komunikacji w innych formatach, np. duży druk. Prosimy zadzwonić do działu obsługi klienta pod numer 1-888-716-8787, TTY 711, w godzinach od 8:00 do 19:00, od poniedziałku do piątku.

ધ્યાન આપો: જો તમે **ગુજરાતી, (Gujarati)** બોલતા હો, તો મફત ભાષા સહાય સેવાઓ અને મોટા પ્રિન્ટ જેવા અન્ય ફોર્મેટમાં મફત સંદેશાવ્યવહાર તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે. સોમવાર-શુક્રવાર, સવારે 8 થી સાંજે 7 વાગ્યા સુધી, 1-888-716-8787, TTY 711 પર સભ્ય સેવાઓનો સંપર્ક કરો.

โปรดทราบ: หากคุณพูดภาษาไทย (**Thai**) คุณมีสิทธิได้รับบริการช่วยเหลือด้านภาษาโดยไม่มีค่าใช้จ่ายรวมถึงการสื่อสารในรูปแบบอื่น เช่น ตัวพิมพ์ขนาดใหญ่ โดยไม่มีค่าใช้จ่ายเช่นกัน โทรติดต่อบริการสมาชิกได้ที่ 1-888-716-8787 และ TTY 711 ตั้งแต่เวลา 8.00 น.-19.00 น. วันจันทร์-วันศุกร์